



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 7.7 MILYON DOLA SIBVANSYON POU PWOGRAM FON BETTER BUFFALO AN

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 11 pwojè, pami yo senk ki sou Zòn Lès Buffalo a, te resevwa sibvansyon 7,780,930 dola otototal atravè Dezyèm Faz pwogram Fon Better Buffalo a (Better Buffalo Fund, BBF). Finansman sa se debloke pou kapab sipòte pwojè yo ki ankouraje dansite ak kwasans nan kòridò transpò yo, epi revitalize distrik komèsyal ki nan vwazinaj la yo. Dezyèm faz finansman sa a pral ede konplete renovasyon plis pase 172 inite rezidansyèl, ak plis pase 130,795 pye kare espas komèsyal ak vitrin magazen, pandan y ap rantabilize plis pase 64.26 milyon dola nan investisman prive.

“Fon Better Buffalo a ap pote yon nouvell vi pou katye atravè rejyon an yo, pandan l ap mete opòtinite biznis ak djòb pou rezidan yo an limyè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Apwòch global sa a y ap pran anvè devlopman ekonomik lan gentan deja transfòme rejyon an, epi New York pral kontinye sipòte kwasans Buffalo a pou asire yo gen yon kominote ki pi solid, pi dinamik pou anpil deseni k ap vini ankò.”

Antanke yon inisyativ kle nan kad efò revitalizasyon Gouvènè Cuomo ap fè nan Rejyon Lwès New York la yo, Fon Better Buffalo a gen objektif pou kreye katye ki dinamik, a izaj miks, a fòt dansite, pandan y ap amelyore aksè a gran sant travay yo atravè kreyasyon lyen transpò komen ak enfrastruktir transpò ki pi solid ant sant travay yo, fòmasyon pwofesyonèl ak sèvis onivo katye yo. Aplikan yo ka aplike pou sibvansyon ak prè renouvlab atravè Fon Better Buffalo pou youn nan de inisyativ yo — Transit-Oriented Development (Devlopman ki Oryante nan Domèn Transpò) ak Buffalo Main Streets yo (Ri Prensipal Buffalo).

“Lè m t ap grandi nan Rejyon Lwès New York la, mwen pa t ap janm imajine ke m t ap wè jan de investisman k ap fèt nan devlopman ak koridò transpò ke Fon Better Buffalo a ap sipòte nan katye yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons jodi a nan Buffalo, te di.** “Depi premye jou a, mwen ak Gouvènè a te pwomilge yon estrateji ki transfòmasyonèlman enkliziv ki akse sou katye yo pou nou defini relansman ekonomik nou an, paske nou ka reyisi sèlman lè tout moun gen yon chans pou yo atenn rèv Ameriken an - nou pap janm kite pèsòn moun dèyè. Sa a se te angajman nou te pran, epi anons dènye faz finansman pou Fon Better Buffalo a jodi a reyafime pwomès sa a.”

Gouvènè a te pran angajman 40 milyon dola pou Fon Better Buffalo a, atravè 30 milyon dola nan Buffalo Billion I an ak 10 milyon dola nan Buffalo Billion II a. Atravè twa faz pwogram lan yo, Fon Better Buffalo a te akòde plis pase 28 milyon dola pou 46 pwojè. Pwojè sa yo ap renove plis pase 622 kay rezidansyèl ak plis pase 320,000 pye kare espas devan magazen ak espas komèsyal yo, pandan y'ap favorize tou plis pase 287.7 milyon dola nan investisman prive nan Vil Buffalo an.

Pral gen yon katriyèm faz finansman Fon Better Buffalo a nan kòmansman ane 2019 la pou kontinye revitalizasyon katye ak gran ri Buffalo yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Howard A. Zemsky te deklare,** “Nouvo faz finansman sa a pral ede nou kontinye ak konplete pwojè Fon Better Buffalo a yo ki te swiv estrateji fabrik espas nan kad revitalizasyon katye ak distri komèsyal vil la yo, sa k ap konekte moun ak kay, djòb, ak avni yo nan Rejyon Lwès New York la.”

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè ak Direktè Egzekitif Jeneral Renovèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal) Eta New York la, te deklare,** “Konstriksyon pwojè reyabilitasyon yo te ede atravè de premye faz Fon Better Buffalo a ap revitalize koridò komèsyal yo toupatou atravè Vil Buffalo a. Twazyèm faz BBF la pral entwodui pwochen gwoup pwojè ki gen trè gran enpak yo pou ranfòse vil la epi rann katye li yo vin yon pi bon kote pou moun viv”.

**Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York lan (Western New York Regional Economic Development Council, WNYREDC) e Prezidan SolEpoxy, Jeff Belt, te deklare,** “Fon Better Buffalo a melanje resous eta, resous lokal ak sektè prive a yo pou fè investisman kapital sible nan zòn priyorite Buffalo a yo. Pwojè yo te anonse jodi a yo pral relanse ak anbeli katye ak atraksyon Buffalo a yo. Fon Better Buffalo a se yon pyè presye k ap poli Vil eksepsyonèl nou an”.

**Doktè Virginia Horvath, ki se Koprezidan WNYREDC ak Prezidan Inivèsite Eta New York nan Fredonia te deklare,** “Fon Better Buffalo a mache paske yo te devlope l'avèk yon apwòch ki baze sou estrateji kwasans entèlijans nan rejyon an epi li konsantre sou ranfòsman resous ki deja egziste yo tankou sant anlwa ak enstitisyon ankraj yo, ansanm ak kreye opòtinite reyenvestisman nan sant iben nou yo. Sa se yon pwogram nou tout ka fyè de li”.

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** “Dènye faz sibvansyon Fon Better Buffalo a pral kontinye siksè pwogram Buffalo Billion lan. Katye atravè vil la yo te pwofite de li deja, epi mwen kontan anpil pou m wè pwogrè dènye sibvansyon sa yo pral reyalize yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan lit pou Buffalo Billion lan, k ap ede transfòme Buffalo”.

**Manm Asanble Crystal D. Peoples-Stokes te deklare,** “Gras a Gouvènè Cuomo, Howard Zemsky, Majistra Brown ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York la, Fon Better Buffalo a te vin yon trè gran zouti pou ede revitalize katye yo. Toujou gen yon bann pwojè meritan epi se objektif nou pou nou asire ke yo sèvi kòm yon katalizè pou investisman adisyonèl epi yo se yon sous fyète pou kominote a. Mwen kontan anpil paske anpil nan pwojè sa yo sitiye nan 141èm Distri Asanble a epi yo

ankouraje pati ki enterese yo pou yo aplike pou 4èm Faz finansman yo pral anonse pwochèman yo”.

**Manm Asanble Sean Ryan te deklare,** “Konsantrasyon Gouvènè Cuomo mete sou Rejyon Lwès New York la kontinye livre resous enpòtan pou devlopman Buffalo. Soti depi nan enfrastrikti transpò pou rive nan devlopman vwazinaj lan, pwogram Fon Better Buffalo an ap investi nan avni Buffalo. Nou te wè katye nou yo devlope kòm konsekans Fon Better Buffalo a, epi pwojè yo te anonse jodi a yo pral asire kwasans sa a kontinye. Pwogram sa a asire ke tout moun enkli pandan Buffalo kontinye revitalizasyon ekstraòdinè li a, epi nou remèsye Gouvènè a pou devouman li anvè vil nou an”.

**Egzekitif Konte Erie Mark C. Poloncarz te deklare,** “Revitalizasyon distri komèsyal yo dezinye yo pral sitou ede ranfòse ak amelyore rejyon nou an lè nou fè Vil Buffalo a vin tounnen menm yon kote ki pi atiran pou moun viv, travay, ak fè biznis. Yo te devlope Fon Better Buffalo a nan yon fason estratejik pou amelyore rejyon nou an avèk pwojè kreyatif a izaj miks ke nou swete ki pral ankouraje plis devlopman ekonomik ki soti nan sektè prive a pou anpil ane k ap vini ankò”.

**Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare,** “Fon Better Buffalo a se yon zouti ekstraòdinè pou biznis ak òganizasyon san bi likratif yo ansanm ak transpò komen ak koridò komèsyal nan Vil Buffalo a yo sa ki lakoz amelyorasyon katye nou yo. Atravè twa faz pwogram enpòtan sa a, 46 biznis ak òganizasyon kominotè nan Buffalo te resevwa prèske 28 milyon dola. Mèsi Gouvènè Cuomo paske l enkli Fon Better Buffalo a nan inisyativ Buffalo Billion lan k ap chanje règ jwèt la”.

W ap jwenn pwojè Fon Better Buffalo a te akòde sibvansyon yo pi ba a:

### **Pwojè Ki Finance pou Devlopman ki Oryante nan Domèn Transpò**

Sis prim Devlopman Ki Oryante nan Domèn Transpò ki totalize 6,130,930 dola nan sibvansyon ak lajan prè.

Pwogram sa a se yon sibvansyon ak fon prè renouvlab pou jiska 2 milyon dola nan finansman prè relè pou pwojè reyitilizasyon adapte ak pwojè dansifikasyon imobilye yo, ki ap ankouraje anpil devlopman konpak (lojman, travay ak komès an detay) nan yon distans 0.8 kilomèt apye de estasyon arè transpò ki sou Main Street, Niagara Street, Bailey Avenue, Utica Street, Grant Street ak koridò Fillmore Avenue yo; epi ankouraje itilizasyon mwayen transpò miltimodal yo, epi estimile aktivite pyeton atravè magazen vant an detay, ak biznis ak sèvis yo ki baze sou katye yo, bon jan kalite espas piblik ak twotwa pyeton ki aksesib.

#### **950 Broadway - Prè 2,000,000 dola**

Aplikasyon: Cedarland Development Group

Pwojè 5.79 milyon dola a, nan 950 Broadway Street la, gen ladan reyabilitasyon ak transfòmasyon yon bilding komèsyal ki vid aktyèlman la epi yo pa itilize l ase pou l vin tounnen yon pwojè lojman mendèv kolektif a izaj miks, ki gen ladan premye etaj la k ap gen espas komèsyal ak apeprè 26 apatman estidyo, apatman ki gen yon chanm ak de chanm a kouche. L ap ajoute sou elan investisman k ap fèt nan zòn ozalantou yo, tankou enstalasyon pis pou bousiklèt, estabilizasyon/reyabilitasyon pwopriyete lokal yo

atravè investisman Broadway-Fillmore NHS ak Albright-Knox te fè nan yon penti miral (Mi Byenveni) ki dirèkteman pa lòt bò lari a.

### **Jefferson Avenue Apartments - Prè 1,902,094 dola**

Aplikasyon: People Inc.

Pwojè 31 milyon dola a izaj miks sa a gen ladan konstriksyon de nouvo bilding ki gen twa etaj k ap gen ototal 89 inite lojman lokasyon abòdab ak pou moun ki gen revni klas mwayèn yo ki sitiye nan 1140 Jefferson Avenue. Yo pral mete 16 apatman akote pou moun ki gen andikap devlopman yo, ki gen ladan sèvis sipò pou pèmèt moun sa yo viv nan yon fason endepandan. People Inc., ki se yon devlopè a ak founisè sèvis sosyal eksperimente, pral ofri sèvis sipò pou rezidan inite sa yo. Anplis de sa a, yo pral lwe yon pòsyon espas komèsyal, pou yo ka ofri sèvis sosyal pou kominote a an jeneral. Yo prevwa ke lokatè komèsyal/magazen vant an detay yo ansanm ak òganizasyon san bi likratif yo pral okipe balans espas komèsyal la.

### **TOD at 65 Northland - Sibvansyon 170,156 dola**

Aplikasyon: ArchType LLC

Nouvo bilding apatman kat inite a ki nan 65 Northland Avenue pral yon kay modèn, dirab, ak finansyèman abòdab. Sit aktyèl la se yon tèren vid, ki chita nan mitan plizyè pakou bis epi ki adjasan a subway a nan Zòn Lès Buffalo a. Pwojè 850,000 dola a pral itilize sistèm chofaj ak klimatizè jeyotèmik dirab k ap redwi pri ak depandans sou konbistib fosil yo.

### **Blackrock Freight House - Prè 750,000 dola**

Aplikasyon: Common Bond Real Estate

Pwojè redevlopman a izaj miks 9.98 milyon dola sa a ki sitiye nan 68 Tonawanda Street la, pral transfòme plis pase 37,000 pye kare kote pifò ladan se espas endistriyèl pou l vin tounen 37 apatman de chanm a kouche ak prèske 3,000 pye kare pou espas komèsyal ke yo aktyèlman nan pwosesis pou idantifye lokatè yo.

### **72 Sycamore Street - Sibvansyon 359,000 dola**

Aplikasyon: Preservation Buffalo Niagara an patenarya ak Signature Development LLC  
Signature Development LLC te achte youn nan bilding ki pi ansyen nan sant vil Buffalo a, ki nan 72 Sycamore Street operatè a baz fiks (f/b/o) Prezèvasyon Buffalo Niagara a avèk entansyon pou yo redevlope li kòm yon destinasyon sant atizay ki anndan Koridò Eritaj AfwoAmeriken Michigan Street la (Michigan Street African American Heritage Corridor). Pwojè 1.75 milyon dola pral redevlope bilding lan pou l vin tounen yon destinasyon sant atizay pou kat espas kote atis yo viv ak travay ak 3,000 pye kare pou espas biwo ki pwogramatikman lye ak zòn eritaj enpòtan Michigan Street la.

### **The Kyndall Building- Prè 949,680 dola**

Aplikasyon: R Kyndall Development Group, LLC

Pwojè 5.9 milyon dola sa a pral devlope tèren vid ki sitiye nan 647, 649 ak 651 East Delavan lan yo pou yo vin tounen yon nouvo bilding twa etaj a izaj miks ki mezire 13,000 pye kare. Bilding lan pral gen ladan 12 apatman pou moun ki gen revni miks k ap gen espas pakin sou lèlye epi espas komèsyal ak magazen vant an detay ki nan redchose a.

### **Pwojè Ki Finance nan Inisyativ Buffalo Main Streets yo**

Senk prim nan pwogram Main Streets yo ki totalize 1,650,000 dola sibvansyon.

Inisyativ Buffalo Main Streets yo, ki se yon pwogram ki enspire de pwogram Main Street Eta New York yo, pral ede fè revitalizasyon anba lavil istorik yo ak distrik komèsyal yo ki nan vwazinaj la ki gen plizyè fonksyon yo. Pwogram lan te konsidere demann sibvansyon ki soti nan òganizasyon ONG yo, pou renovasyon batiman ak amelyorasyon espas piblik yo ki nan zòn diskre ki gen plizyè fonksyon yo, ak kowòdinasyon dirèk ki soti nan asosyasyon biznis/òganizasyon ONG lokal ki baze sou kominote yo. Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York yo pral jere sibvansyon sa yo.

### **North Buffalo Infill - Sibvansyon 500,000 dola**

Aplikasyon: The North Buffalo Organization

The North Buffalo Organization pral itilize fon sibvansyon yo pou ede devlopman 7 milyon dola pou devlopman a izaj miks 1585 Hertel la. Yo prevwa pwojè a pral rantabilize fon prive lokal yo epi yo pral kontinye revitalizasyon Distri Biznis Hertel Avenue an nan North Buffalo. Yo pwopoze pou sit pwojè a sitiye nan 1585 Hertel Avenue nan kwen kafou sidès Hertel Avenue ak Parkside Avenue.

### **Vibrant Seneca Street - Sibvansyon 300,000 dola**

Aplikasyon: Wellness Institute of Greater Buffalo

Wellness Institute pral itilize fon sibvansyon yo pou ede nan renovasyon vitrin magazen yo ak apatman yo. Pwojè 300,000 dola sa a pral rantabilize fon pou peyizaj lari a yo ke Vil Buffalo a ap bay la, ansanm ak finansman prive ki pral kontinye revitalizasyon Seneca Street la ak katye ki ozalantou li a. Zòn sible a ap anndan koridò komèsyal Seneca Street la ki ant Cazenovia ak Epson Street. Zòn sa a kòmanse ak istorik Shea's Seneca Theater a epi li fini nan Pak Cazenovia ki deja trè repite.

### **Grant Street Buffalo Main Streets Initiative - Sibvansyon 300,000 dola**

Aplikasyon: Heart of the City Neighborhoods Inc.

Heart of the City Neighborhoods, Inc. pral itilize fon sibvansyon yo pou ede konplete 384,000 dola renovasyon vitrin magazen yo ak inite rezidansyèl ki atache avèk li yo, ansanm ak amenajman peyizaj lari sou Grant Street nan Buffalo ant West Ferry ak Potomac Avenue. Pwojè yo te pwopoze a pral rantabilize fon prive yo pou kontinye revitalizasyon koridò a izaj miks ki nan kè koridò Zòn Lwès Buffalo a.

### **Black Rock Revival - Sibvansyon 300,000 dola**

Aplikasyon: West Side Black Rock Neighborhood Housing Services

West Side Black Rock Neighborhood Housing Services (WSNHS) ak Grant Amherst Business Association (GABA) pral itilize fon sibvansyon yo pou ede nan kad renovasyon 570,000 dola nan pwopriyete nan yon zòn sible ant Grant ak Bridgeman. Travay renovasyon an pral gen ladan restorasyon fasad yo, ki gen ladan eleman istorik, restorasyon travay mason yo, nouvo fenèt, pano, ovan, ak ekleraj. Pwojè sa yo prevwa pou rantabilize fon pwopriyete lokal ak fon prive yo pou yo ka kontinye efò revitalizasyon distri komèsyal GABA/WSNHS la.

### **1235 Hertel Avenue - Sibvansyon 250,000 dola**

Aplikasyon: Forever Elmwood Corporation

Elmwood Village Association pral itilize fon sibvansyon yo pou ede nan kad reyitilizasyon adapte 2.5 milyon dola espas 1235 Hertel Avenue an. Yo prevwa reyitilizasyon an pral rantabilize jiska 2.5 milyon dola nan fon prive pou pwolonje anvè lwès renesans yon distri biznis Hertel Avenue kote moun ka mache a pye. Reyitilizasyon an pral lakoz espas ki nan 1235 Hertel Avenue an vin retounen nan ni rejis taks vil la ak rejis taks konte a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)